

La Bib pou ti moun
prézanté

Yon pitit
gason prefere
vin tounen yon
esklav



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Byron Unger; Lazarus
Alastair Paterson

Adapté pa : M. Kerr; Sarah S.

Tradwi pa : Ausky Salomon

Pwodwi pa : Bible for Children
www.M1914.org

©2025 Bible for Children, Inc.


Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopie istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.



Izarak te kontan anpil. Jakòb, pitit gason li a, te retounen lakay li. Menm Ezayi te akeyi ak bra louvri frè li te pwomèt l ap touye a. Men, pitit gason Jakòb yo pa te kontan paske Jozèf, ti frè yo a, se te pitit gason papa yo te pi renmen an.




Frè Jozèf yo te rayi li pi plis toujou apre Jozèf te fin rakonte yo rèv li yo. Jozèf te di : "Pakèt mwen an te kanpe dwat. Pakèt nou yo te bese tèt yo devan li." Rèv sa a te vle di Jozèf t ap vin pi puisan pase frè li yo.




Nan dezyèm rèv Jozèf
la, solèy la, lalin nan ak
zetwal yo te pwostène
devan li. Menm papa li,
Jakòb, te fache sou li
paske l te kwè li te pi
enpòtan pase paran l ak
frè li yo.




Yon jou, Jakòb te voye Jozèf nan savann nan kote frè li yo t ap fè bèt yo manje. Frè li yo te wè l ap vini byen lwen. Yo te di tou ba : "Ann touye rèvè sa a." Jozèf pa te konnen ki danje ki t ap tann li.




Reuben, pi gran an nan frè yo, pa te dakò. Li te di :
"Ann pa fè san koule. Nou wè pi sa a, ann jete li
ladan l epi kite li mouri ladan l !" Reuben te genyen
entansyon sove Jozèf apre solèy fin kouche.



Kou Jozèf te
rive bò kote
frè li yo, yo te
kenbe li, yo te
retire wòb (tinik)
plizyè koulè
Jakòb te bay fè
espesyalman pou
pitit gason l li te
pi renmen an.
Aprè sa, yo lage li
nan pi a.




Pandan Reuben pa te la, yon karavàn chamo, ki te nan wout pou l ale nan peyi Lejip ki byen lwen an, t ape pase la. "Ann vann Jozèf," frè li Jida te di byen fò. Akò a te fèt. Yo te vann Jozèf pou 20 pyès ajan.



Ak gwo lapenn ak laperèz, Jozèf t ape gade san
sekou pandan chamo a t ap deplase, epi mennen l ale
byen lwen fanmi l ak peyi kote li te fèt la.





"Èske sa a se rad
Jozèf ? Li tache ak
san. Nou te jwenn
li nan dezè a." Frè
mechan yo te fè
Jakòb kwè yon bèt
sovaj te touye pitit
gason prefere li a.
Jakòb te chire rad
li epi li te tonbe
kriye. Pèsonn pa te
kapab konsole li.






Nan peyi Lejip, Jozèf
te sètènman pè ak li te
santi l poukont li.
Petèt li te sonje lakay
li ? Men, li pa te kapab
chape poul li. Li te yon
esklav lakay Potifar,
yon Ejipsyen enpòtan.
Potifar te remake
Jozèf te toujou ap
travay di epi yo te ka
fè li konfyans.




Yon jou, Potifar te di Jozèf :
Ou reyisi tout sa w antreprann.
Bondye avè w. Mwen vle w vin
chèf sèvitè yo, responsab tout
byen mwen yo ak mèt tout lòt
sèvitè m yo.




Bondye te bay Potifar bon
rekòt ak anpil richès gras ak
Jozèf. Lè Jozèf te vin yon
nonm enpòtan, li te kontinye
fè Bondye konfyans ak sèvi
li fidèlman. Men, pwoblèm
t apral vin jwenn Jozèf.



Madanm Potifar a se te yon move fanm. Li te mande
Jozèf pou li pran plas mari li a. Jozèf te refize. Li
pa te vle peche kont
Bondye pou li t ale
fè Potifar mal.




Lè fanm nan t ap eseye fòse l, li te kouri l ale. Men,
li (fanm nan) te ponyen epi li te kenbe manto li a.



Li t ale plenyen bay mari l : "Esklav ou a t atake mwen. Gade, men manto li a !" Potifar te fache anpil. Petèt li te konnen madanm li t ap bay manti. Men, li te dwe fè yon bagay. Men, kisa pou li ta fè ?



Potifar te mete Jozèf nan prizon.



Malgre li te inosan, Jozèf
pa te ankòlè ni fache.

Petèt li t ap aprann nan
difikilte li yo kèlkeswa kote

li te ye a, si li te onore Bondye,
Bondye t ava onore li — menm
nan prizon.



Yon pitit gason prefere vin tounen yon esklav

Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,


Nap jwen-n nan

Jenèz 37, Jenèz 39


"Pawòl Bondyé poté limyè."

Sòm 119 : 130





7



60



Istwa biblik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé
ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou
péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl
gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé
dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisité, é Li monté nan
syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout
kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan
lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyé sa :
"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri
pou mwen épi ou résisité ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné
péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè
gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'éternité.
Édé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

